

## ANTRETYEN

Ou dwe fè antretyen nan aparèy pou etenn dife pòtab yo chak ane, lè y ap fè tès idwo-estatik la, oswa si ou wè domaj fizik nan aparèy la pandan yon enspeksyon chak mwa.

Sèvis / antretyen se yon egzamen detaye yo fè nan aparèy pou etenn dife pòtab la.

Li fèt pou garanti aparèy pou etenn dife a pral opere kòrèkteman epi san danje. Antretyen se yon lòt mo pou reparasyon, rechaj oswa ranplasman aparèy pou etenn dife a.

**SI Y AP DEPLASE AK APARÈY POU ETENN DIFE OU A,  
ENSISTE POU YO BA OU YON RANPLASMAN KI PARÈY  
TOUSWIT AN KA TA GEN YON IJANS.**

## NOUVO ETIKÈT PFE A DWE GEN:

- Enfòmasyon sou konpayi k ap bay sèvis la (non, adrè, nimewo telefòn, nimewo idantifikasyon Konpayi a) ak dat sèvis la;
- Mwa, ane, ak kalite aparè pou etenn dife yo te achte a;
- Enfòmasyon konsènan mèt Sètifikasi Aptitud la (Non konplè ak nimewo Sètifikasi Aptitud la);
- Mete egzakteman kisa li te fè yon fason klè.

Kesyon Moun Konn Poze Souvan

**KIJAN POU MWEN CHWAZI YON KONPAYI ANTRETYEN  
POU APARÈY POU ETENN DIFE PÒTAB?** Se sèlman nan men yon konpayi apwouve ki sou sitwèb FDNY la pou ou achte yo. Nou modiye lis konpayi ki apwouve yo chak 30 jou.

Men lyen an ak QR Code (kòd QR) pou ale sou sitwèb la.

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/portable-fire-extinguishers-company-certificates.page>



**ÈSKE YON KONPAYI ANTRETYEN KA FÈ YON  
ANTRETYEN MENM SI OTORIZASYON OSWA ASIRANS  
YO EKSPIRE?**

Non! Ou dwe verifye sitwèb Fire Department lan pou lis konpayi antretyen ki apwouve yo.

**KI RISK MWEN GENYEN SI SE PA YON KONPAYI FDNY  
APWOUVE KI FÈ ANTRETYEN AN?**

Premyèman, w ap mete biznis ou, posesyon ou yo, kliyan ou yo, moun k ap pote sekou yo, ak publik la an danje. Dezyèman, yo ap ba ou kontravansyon si gen kondisyon ki danjere nan biznis ou a. Answit, si gen yon dife, konpayi asirans ou ka gen pwoblèm ak reklamasyon ou fè a.

## KIJAN M AP FÈ KONNEN SI KONPAYI ANTRETYEN AN TE FÈ YON BON ENSTALASYON AK ANTRETYEN?


Premyèman, asire w konpayi k ap livre aparèy pou etenn dife a otorize epi li toujou sou lis konpayi FDNY ki apwouve yo. Dezyèmman, asire w tout etikèt yo sou aparèy la epi yo ranpli.

## KI KALITE APARÈY POU ETENN DIFE MWEN BEZWEN?

Yon aparèy ABC se kalite aparèy pou etenn dife pifò moun itilize. Men, konpayi antretyen ki apwouve a pral di ou egzakteman ki kalite aparèy ou bezwen nan biznis ou a.

## KIJAN POU MEN ITILIZE YON APARÈY POU ETENN DIFE?

W ap jwenn enstriksyon sou fason pou itilize aparèy la kòmsadwa sou etikèt li. Sèvi ak akwonim P.A.S.S. la. Pull (rale) gachèt ki nan mach la, Aim(vize) bouch ponp anba dife a, Squeeze (peze) levye a tou dousman, epi Sweep (pase) li dedwat-agoch.



## KIJAN POU MWEN POTE PLENT POU YON KONPAYI KI ILEGAL OSWA GEN POSIBLITE POU LI GEN AKTIVITE MAGOUY/KONTREFÈ?

Ou ta dwe rele FDNY TOUSWIT pou mete li okouran nenpòt pwoblèm nan 718-999-2533. Epi tou ou ka ekri nan to:

[pubcert@fdny.nyc.gov](mailto:pubcert@fdny.nyc.gov)

[www.nyc.gov/fdny](http://www.nyc.gov/fdny)



# APARÈY POU ETENN DIFE PÒTAB NAN BIZNIS OU



**FDNY**

**Biwo Prevansyon Dife**

[www.nyc.gov/fdny](http://www.nyc.gov/fdny)

## ENTWODIKSYON

Aparèy pou etenn dife pòtab yo enpòtan pou chak biznis. Gen dife souvan nan biznis yo, epi nenpòt ki dife ka yon dezas ki detwi pwopriyete, oswa menm lavi moun. Fire Department gen règ ki kapab ede ou opere yon fason ki SAN DANJE. Se ou menm ki responsab pou w swiv tout règ yo.

Tiliv sa a kouvri enfòmasyon sekirite enpòtan pou fè pou w asire w Aparèy Pou Etenn Dife Pòtab nan biznis ou a pral opere, si ou ta janm bezwen itilize li yon jou.

Kòm yon pwopriyetè biznis, ou gen yon responsabilite pou w asire w yo enspekte ak fè antretyen nan aparèy pou etenn dife pòtab ou a.

## KONBYEN APARÈY POU ETENN DIFE OU TA DWE GENYEN NAN BIZNIS OU A?

Konsilte avèk konpayi k ap vann aparèy pou etenn dife yo pou detèmine konbyen ou bezwen ak ki kote k ap bon pou mete yo nan biznis ou a.

## LÈ W AP ACHTE AK ENSTALE APARÈY POU ETENN DIFE PÒTAB YO


Achte aparèy pou etenn dife yo SÈLMAN nan men yon konpayi ki gen lisans ak sètifikasyon FDNY pou vann Aparèy pou Etenn Dife Pòtab. Kòm yon pwopriyetè biznis, ou ta dwe rele plizyè konpayi pou w ka jwenn pi bon pri a.

Gen 2 lis sou sitwèb FDNY a, youn se pou konpayi k ap vann, epi lòt la se pou konpayi ki ofri sèvis konplè pou aparèy pou etenn dife pòtab. Sèvis konplè yo vann aparèy yo epi yo fè antretyen ladan yo. Konpayi k ap vann yo se sèlman vann yo vann.

## APRE ENSTALASYON AN, APARÈY POU ETENN DIFE A (gade foto a)

### DWE:

- PA plase atè a;
- pati anba a dwe omwen yon distans 4 pouz ak atè a;



- PA mete tèt la pi wo pase yon distans 5 pye ak atè.

## KISA YON ENSPEKSYON CHAK MWA YE EPI KIMOUN KI KA FÈ LI?


Yon enspeksyon vizyèl se yon "verifikasiyon rapid" chak mwa yon moun ki te resevwa yon fòmasyon kapab fè (yon Certificate of Fitness, C of F (Sètifikasi Aptitud) PA nesesè).

Tout aparèy pou etenn dife dwe chaje konplètman, gen etikèt li sou li, epi pare ou opere.

## PWOSEDI ENSPEKSYON CHAK MWA

Lè moun nan ap fè enspeksyon aparèy pou etenn dife yo, li dwe verifye bagay sa yo:

- Si yo te monte aparèy la kòrèkteman ak si li bon kote a;
- Fasil pou jwenn;
- Si enstriksyon sou fason pou itilize li sou plak idantifikasiyon an ki deyò a;
- Tcheke pou domaj fizik;
- Etikèt la tache ak li;
- Lekti pou mezire presyon an nan yon bon limit (li dwe nan zòn vèt yo);
- Gen dat la ak inisyal moun ki fè enspeksyon an apre chak enspeksyon ki fèt chak mwa.



## NOUVO ETIKÈT PFE YO VINI AK MEZI SEKIRITE, KI GEN LADAN:

- Kòd QR:** Pèmèt piblik la ak enspektè FDNY jwenn aksè nan lis konpayi FDNY apwouve yo.
- Orogram:** Prèske enposib pou kopye.
- Kòdba 3 sou 9:** Yon estanda kòdba anpil moun itilize ki gen lèt majiskil, chif, ak plizyè senbòl..



## KONSEY

- Yon vrè pyès ologram se 3 pouz nan lajè pa ¼ pouz nan lajè.
- Fo etikèt yo PA pral gen ologram annajan bon kalite a.
- Ologram sou yon fo etikèt PA pral chanje koulè lè ou pase li anba limyè.

**NOUVO ETIKÈT APARÈY PÒTAB POU ETENN DIFE YO PRAL KÒMANSE PARÈT NAN MWA NOVANM 2018. TOUT MOUN AP OBLIYE KONFÔME AK NOUVO ETIKÈT YO NAN MWA NOVANM 2019 OSWA AVAN SA.**

**KISA MWEN BEZWEN KENBE APRE ANTRETYEN AN?**  
Kòm yon kliyan, ou dwe toujou fè yo ba ou yon resi pou acha oswa sèvis la.

## RESI A DWE GEN BAGAY SA YO LADAN BYEN KLÈ:

- non teknisyen ki te fè travay la;
- nimewo telefòn konpayi a;
- si ekipman an tou nèf oswa yo te itilize li deja;
- nimewo modèl aparèy pou etenn dife a.